Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 39 (7388)
18 Сентябрь 2019 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Районалда – «Чистые берега Кавказа» - марафон





Араб анкьалда букIана «Сохранение уникальных водных объектов», - федералияб проекталъул рамкаялда жаниб Рихьуни ГЭСалъул хIорил рагIаллъаби рацIцIадго чIезариялде буссараб марафон. Гьеб гIуцIун букIана тIабигIиял ресурсазул ва экологиялъул министерствоялъулги Унсоколо районалъулги хIаракаталдалъун.

Марафон рагъулеб тадбир букIана Рихьуни туристазул хаб бугеб бакIалда. ЭКО – Марафон рагьун кIалъана РДялъул правительствоялъул председателясул зам. А-М. Абулмуслимов, РДялъул тIабигIиял сурсатазул ва экологиялъул министр Н. Карачаев, гьединго Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, «Вода России» организациялъул нухмалъулев С. Будилин ва цогидалги.

Марафон байбихьана районалъул культураялъул хIалтIухьабаз гимн ахIиялдасан. Гьениб жигараб гIахьаллъи гьабуна лъадал ва экологиялъул рахъалъ Россиялъул машгъурав блогер С. Ярушиница, волонтераз, цIалдохъабаз, лъай кьеялъул, сахлъи цIуниялъул ва цогидалги ишазул районалъул гIадамаз, гIолилаз, Каспийск шагьаралдаса цIалдохъабазги. Марафон унаго гIахьалчагIазухъе кьуна «Чистая вода» эмблема бугел кепкаби, футболкаби, мусор бакIаризе инвентарь. Гьенибго тIабигIат цIуниялда жигараб хIалтIи гьабулезе тIабигIат цIуниялъул министерствалдасан кьуна ХIурматиял грамотаби. Марафон бачана «Прибой» Медиахолдингалъул телеведущий А. Давидовас.

КIудияб къубат бакIарун, бутIабазде хIорил рагIалабиги рикьун байбихьана гIала-гъважа бакIаризе. Гьедин 30гIан Камаз бакIарана. Ахиралда призазе ва сертификатазе хIана лоторея.

Марафон къалаго ГI. НурмухIамадовас ва С. Будилиница хIаракат бихьизабуразе баркала загьир гьабуна.



## Халкъазул цолъиялъул Къоялъ



Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул Къоялъул ва бандитазул гIуцIиял рихизаруралдаса 20 сон тIубаялъул хIурматалда ГI. ГIалиевасул цIаралда бугеб спорталъул КIалгIаялъуб букIана рохалилаб тадбир. Гьениб ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь гIахьаллъана нилъер районалдаса делегацияги. Тадбиралда кIалъалаго гьадин абуна республикаялъул нухмалъулев В. Васильевас: «Доб цебегосеб 1741 соналда, гIаммал къуватаз Надиршагь щущахь виххизабураб заманалда Дагъистаналъе щвана тарихиябгун



гIамал-хасияталъул хIалбихьи ва гъункараб цолъи. Гьелъ жакъаги кумек гьабулеб буго дагъистаниязе. Гьал къоязда нилъеца кIодо гьабулеб буго Дагъистаналде кIанцIарал боевикал рачахъаралдаса 20 сон тIубайги. Гьедин жакъа Дагъистаналъул гIемермиллатазулаб халкъ цолъун буго цо мурадалъе – ракълие гIоло». Васильевасул рагIабазда рекъон 166 жидеего бокьун гьезде данде рахъаразе «Мужество» орденал, 42 медаль «За заслуги перед отечеством», 16 медаль «За отвагу» щвана, рикIкIен гIемеразе щвана республикаялъул шапакъаталги.

Исана 20 сон тIубана долдаса нахъе. Ш. Басаевасул ва Хаттабил нухмалъиялда гъоркь гьел Чачаналдасан кIанцIана Дагъистаналде 1999 соналъул 7 августалда. Россиялъул ФСБялъул сияхIалда рекъон гьенир чIвана 280 чи, рукIана гIемерал лъукъаралги. Бергьенлъиялъул къо Дагъистаналда кIодо гьабуна 15 сентябралда.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 39 (7388)
18 Сентябрь 2019 сон



Россиялда баккана цIияб гос услуга – гIадамазда пенсиялде иналде цебесеб заман ракIалде щвезабулеб. Къуваталде ана правительствоялъул гъединаб госуслуга тасдикъ гьабиялда хурхараб регламент. Предпенсионерасул статус кьола пенсиялде иналде 5 соналъ цебе. Гьаб соналда предпенсионерлъун рикIкIуна 51 сон барай чIужугIаданги 56 сон барав бихьинчиги. Гьел гIадамазе ихтияр буго бигьалъабазеги.

# Гьавураб къо баркула!



**ХIурмат тIадегIанав шайих АхIмад-хIажи Афанди!**

Районалъул администрациялъул, районалъул Собраниялъул, Унсоколо районалъул жамагIаталъул ва дирго рахъалдасан къабул гьабе ракI-ракIалъ дуда гьавураб Къо барки. Дагъистаналъул ва тIолабго Северияб Кавказалъул буссурбабазда цебе Дур щибаб къойилаб хIалтIи бицун бажаруларебгIанги кIудияб буго.

Дагъистаналъул муфтийлъун мун вачIаралдаса хадуб кутакалда захIмат букIана, ай экстремизмалъулги терроризмалъул идеологиялъ республикаялъул жанисел къагIидаби хвезарун рукIана. Дур камилаб гIакълоялъ, къо хIехьеялъ Дагъистаналъе цIунана миндирго щвалде щвей Россиялъул Федерациялъул объект хIисабалда.

Гьарула дуе гIемерал санал Дагъистаналда ислам цIуниялъе. ТIадегIанав Аллагьас щулияб сахлъи, талихI, кIиябго дуниялалда битI ккей кьеги дуе. Дур захIмат кIодо гьабеги Аллагьас, гIадамал ритIун ккеялъе. Рекъел, талихI, лъикIлъи дуе ва дур гIагаразе, хIурматияв АхIмад-хIажи.

**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**
**ГI. НурмухIамадов**

# ХIабиб НурмухIамадов - Россиялъул багъадур



КIиго нухалъ вахъарав
Дунялалъул чемпион,
Дур гьунар кIоченаро
Чанго сонал аниги.

Къолощуябго соналъ
Лъалиниб хвалчен лъечIев
Имам Шамилил гIадин
Машгъурлъана дурги цIар!

КIудияв Расулица
ТIолабго дунялалда
Дагъистаналъул къадру
Борхизабун букIана.

Дур кIудияб гьунаралъ
Мун гIураб ВатIаналъул,
ЦIар жегиги рагIана
ГIемерал улкабазда.

Россиялъул бетIерас
Жинда дандчIвай гьабурав,
ТIадегIанаб къимат кьун
ХIурматалда рехсарав!

«Дун кутакав чи»-йилан
ЧIухIи жинца гьабичIев,
Бергьенлъаби щвананиги
ГIамал жиндир хисичIев!

ХIалихьатаб агьлугун
Гьудуллъи жинца ккечIев,
БитIаралда къвал барав
ТIекълъиялда мал барав!

МагIарул намус-яхIги
Чорхолъ цIунун хутIарав,
Роххалида таги мун
Гьаб дунялалъул рокъов!

**ТIалхIат Ахъбердиев**
**РФалъул ва РДялъул журналистазул союзалъул член, Гъизилюрт**

Тарих

# Гъуниб: **Шамил асирлъуде ин**

Гъуниб – нилъер халкъалъул культураги, тарихги, мацIги бокьулезул ракI унтулеб бакI, Гъуниб нилъер халкъалъул бахIарчилъиги, бихьинчилъиги, иманги, чIухIиги кIоченчIезул ракIазда захIмалъулеб бакI, Гъуниб – шайих Мансуридаса байбихьун Шамил имамасде щвезегIан гьоркьоса къотIичIого 60 соналъ жидерго эркенлъиялъе гIоло Кавказалъул халкъаз гьарурал рагъазул ахир лъураб бакI.

Шамил имамасул ва пачаясул рахъалда, гьел рагъазда гIахьаллъи гьабуна Кавказалъул киналгоязде гIагарун халкъаз. Шамилил аскаразул бищунго лебалал рагъухъаби рукIана хъизамал тун, росу-ракь тун, Аллагьасул нухда рухI кьезе ниятгун къватIире рахъарал мугьажидал, гьел рукIана чабхъеналде нух бихьизабулелги, тушманасул ахIвал-хIал лъазабулелги, рагъуе къваригIараб сурсат балагьулелги. Шамил имамасул букIинчIо кидаго хIадурлъиялда чIараб аскар, гьес ахIи барабго 32 наиб тIаде щолаан жидерго рагъухъабигун. БатIи-батIиял гIиллабазе гIоло Гъуниб магIарда Шамилида хьолбохъ хутIана хундерил наиб Гиничукьа Дибирги, Сугъралъа НурмухIамадги, гьезда цадахъ рачIарал 400 муридги. Гьеб дагьаб букIана 20 азаргоги чи вугеб пачаясул аскаралде данде, цойги азарго хвалчен анищилан абуна имамас щулалъабазул хал гьабун бахъарабго 20 ясде данде цо, гьединаб букIана магIарулазул гIурусазде дандечIеялъул хIисаб.

Пачаясул Кавказалда вугев наместникасе, пачаясда цадахъ гIурав гьесул гьудул-гьалмагъасе къваригIун букIана Кавказалъул рагъда бергьарав чиян, гьеб лъугIизабурав чиян абураб цIар. Гьелъ гьев сунданиги барахщулевги вукIинчIо, гьес месед-гIарацалъухъ ричун росана кIиго моцIалъ цебе имамасе ритIухълъиялъе гьа барал наибзаби. Шамил имамасул хIукуматалъул ахирисеб данделъи букIана 1859 соналъул 12 маялъ Гиничукь росдада аскIоб бугеб борхалъиялда.

жаваб гьадинаб букIана – «Чан нухалъ нужеца къотIи хвезабураб, чан нухалъ гуккарал, нужер кIалалъ цо бицуна, ракIалда батIияб букIуна. Хвалченги рекIун буго, гьебги кодоб ккун, нижги нужехъ ралагьун чIун руго»-ян.

Гьеб кагътаталдаса хадуб пачаясул аскаралъ байбихьана гьужум, чанго къоялъ гIурусаз хIал бихьулеб букIана Гъунире рахине, амма магIарулаз жигаралда дандечIей гьабулеб букIана, живго Шамилги Куралалъа МухIамадил рокъов бищун кIвар бугеб сангаралда аскIов вукIана. 24 августалъ байбихьана кинабго рахъалъ кIудияб гьужум, амма магIарулазда кIвана сангарал цIунизе, гIурусалги кIудиял камиялги ккун нахъе къана.

25 август – пача гьавураб къо, рагъде хIадурлъулел руго гIурусал, магIарулаз ккураб сангаралде вахарав солдатасе кьезе бихьизабун букIана 100 гъурущ, лъукъарав рагъухъанасе 10 гъурущ. Доб заманаялъ бахъараб, бищунго цIияб ярагъ кодоб бугел гIурусазул аскаралъе кумекалъе рехана гIарац-меседги. Рагъде хIадурлъулел рукIана сундуениги къуркьуларел, Аллагьасе гурони хIелуларел магIарулалги, сангаралъул бихараб бакI къачIан, рагънал рухьун. Метер къо гьитIинаб жиндир аскаралъе захIматаб букIунеблъи лъалеб букIана Шамилида.

Нахъисеб къоялъ Шамилги мюридзабиги рогьалил какда рукIаго, гIурусаз



Шамил имамасулгун рекъел гьабичIого рагъ лъугIулареблъи лъалеб букIана фельдмаршаласда, Шамилида хьолбохъ цохIониги мюрид вукIаго, гьев вагъизе вукIинги лъалаан пачаясул аскаралъул бетIерасда. Шамил имам шагьидлъун хадуб, магIарулаз цIияв имамги вищун, цIидасан гъазават байбихьулеблъиги лъалаан.

Фельдмаршаласе къваригIун вукIана чIагояв Шамил – Дагъистаналъулги Чачаназулги имам, Кавказалъул халкъазул дандечIеялъул байрахъ, цевехъан. Гьесда лъалаан рекъел гьабеян Шамилида аби гIададисеб иш букIинги, чан нухалъ хIал бихьараб, хIасил кидаго цо букIана- «нужеца нижги чIвалел ругин нижеца нужги чIвазе ругин». Гьедин ккезеги ккана «нужергун рекъелги бокьун бугин, дуе бокьараб бакIалда мунги дур хъизанги телин, дуда цадахъ ругел рагъухъабазе щибго заралги гьабиларин, рекъел гьабизе божарав чи витIе»,-ян абураб кагътаталъе

гьужумалде байбихьана. Ращалъи гьечIеб рагъ, холел руго нилъер васал, амма тушманасде дандечIей чучлъулеб гьечIо, шагьидлъана Курулалъа МухIамад, хиянатчияс балъгояб сухъмахъги бихьизабун Гъунире тIаде рахуна гIурусал.

Тушманас сверун ккезезхин рукIин бихьарав Шамил, росулъе нахъе къаян мюридзабаздаги буюрун, росулъе гIедегIула, имамасда хадур нахъе къалел мюридзаби данде рачIунел гIурусалги рихьун, рохьоре жанире лъугьуна, гьебго заманаялда пачаясул цоги аскар росулъе балагьун ине лъугьуна, гьелги церехун ричан 100 гIан чи вугеб магIарулазул къукъа рохьосан гIурусазде данде кIанцIула. Тушбабазул горсверуде ккарал бахIарзал хонжролги хвалчадулги рагъде журала, лъиданиги я нахъе къазе, я ярагъ гIодоб лъезе ракIалдецин кколеб букIинчIо.

**Хадусеб букIине буго**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 39 (7388)
АрбагI
18 Сентябрь 2019 сон

3 гъумер

# С а д о в о д

Страница в номере



# День единства народов Дагестана



**Уважаемые жители Унцукульского района!**

От имени Администрации района, депутатов районного Собрания и от себя лично примите самые искренние поздравления с Днём единства народов Дагестана - праздником, который объединяет наш многонациональный народ.

День единства народов Дагестана это молодой праздник, но он уходит корнями в далекое прошлое. Его истоки – в вековых традициях добрососедства и взаимоуважения народов, населяющих нашу республику. Дагестан – самый большой многонациональный и поликонфессиональный регион нашей страны, перекресток культур, религий, цивилизаций. Здесь в мире и согласии живут представители более 100 народов и этнических групп. Народная память свято хранит множество ярких примеров – братской поддержки и взаимопомощи дагестанцев, их сплоченности не только перед лицом общего врага, но и в достижении созидательных целей.

Дагестанцы не раз демонстрировали свою сплоченность и взаимовыручку. И мы обязаны помнить примеры старших поколений. Современные экономические и политические условия диктуют нам необходимость мобилизовать свои силы, объединиться и сражаться бок о бок теперь уже на трудовом фронте. Вместе развивать хозяйство района, вносить свой вклад в развитие республики.

Уверен, что сообща мы сможем многого добиться! В этот замечательный праздничный день примите сердечные пожелания мира, добра и благополучия каждой семье, больших успехов в труде на благо родного Унцукульского района и Дагестана!»

**Глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

# ИНФОРМАЦИЯ
## о проведении независимой оценки социального обслуживания в РД

В соответствии с Федеральным законом от 5 декабря 2017 года № 392-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам совершенствования проведения независимой оценки качества условий оказания услуг организациями в сфере культуры, охраны здоровья, образования, социального обслуживания и федеральными учреждениями медико-социальной экспертизы» и постановления Правительства Республики Дагестан от 13 августа 2015 года № 239 «О независимой оценки качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» Министерством труда и социального развития Республики Дагестан проводится работа по созданию условий для проведения независимой оценки качества условий оказания услуг организациями социального обслуживания.

Независимая оценка качества условий оказания услуг организациями социального обслуживания является одной из форм общественного контроля и проводится в целях предоставления получателям социальных услуг информации о качестве условий оказания услуг организациями социального обслуживания, а также в целях повышения качества их деятельности.

Независимая оценка качества условий оказания услуг организациями социального обслуживания предусматривает оценку условий оказания услуг по таким общим критериям, как открытость и доступность информации об организации социального обслуживания; комфортность условий предоставления социальных услуг, в том числе время ожидания предоставления услуг; доброжелательность, вежливость работников организации социального обслуживания; удовлетворенность качеством условий оказания услуг, а также доступность услуг для инвалидов.

В целях создания условий для проведения независимой оценки качества Минтруд РД информирует граждан о возможности принять участие в 2019 году в независимой оценке качества и высказать свое мнение о качестве условий оказания услуг в сфере социального обслуживания Республики Дагестан, заполнив интерактивную анкету (оставить отзыв, пожелание) на официальном сайте Министерства труда и социального развития Республики Дагестан (www.dagmintrud.ru).

Граждане также могут принять участие в анкетировании при проведении мониторинга качества условий оказания услуг организацией-оператором в организациях социального обслуживания, в отношении которых проводится независимая оценка качества в 2019 году.

В 2019 году решением Общественного совета при Министерстве труда и социального развития Республики Дагестан запланировано проведение независимой оценки качества в отношении 25-ти подведомственных Минтруду РД организаций социального обслуживания, перечень которых размещен на сайте bus.gov.ru и на официальном сайте Министерства труда и социального развития Республики Дагестан (www.dagmintrud.ru) в специально созданном разделе «Независимая система оценка качества». Общественным советом осуществляется мониторинг общественного мнения о качестве условий оказания услуг организациями социального обслуживания Республики Дагестан, результаты которого обрабатываются и используются, в том числе при составлении независимого рейтинга таких организаций.

На этапе проведения мониторинга качества условий оказания услуг, организацией-оператором, как уже было отмечено, будет осуществлен сбор, обобщение и анализ информации о качестве условий оказания услуг организациями социального обслуживания, в том числе посредством опроса получателей услуг (общественного мнения), анализа мнений экспертов и

**Продолжение на 4 стр.**

# Глава Унцукульского района выразил соболезнования в связи со смертью Азнаура Чингисхановича Аджиева.



После продолжительной болезни скончался экс-министр печати и информации РД, директор Исторического парка «Россия – моя история», лауреат Государственной премии Республики Дагестан в области искусства, член правления Национальной ассоциации телерадиовещателей России Азнаур Чингисханович Аджиев. Соболезнование родным и близким от себя лично и от администрации района выразил глава Унцукульского района Иса Магомедович Нурмагомедов.

- « От имени жителей Унцукульского района, работников администрации района, депутатов районного Собрания и лично от себя, выражаю искренние соболезнования родным, близким и коллегам Азнаура Чингисхановича Аджиева.

Азнаура Чингисхановича знали как разностороннего и интеллигентного человека. Находясь на высоких, ответственных, руководящих должностей, он был простым, добрым, отзывчивым и доступным для всех человеком.»

Азнаур Аджиев родился 7 июня 1973 года в г.Хасавюрте РД. В 1995 году окончил факультет иностранных языков ДГПУ. В 2005 году - Университет народов Кавказа им. имама Шамиля (Светский институт народов Кавказа) г.Хасавюрт, квалификация филолог, журналист; Трудовую деятельность начал в 1995 году ассистентом кафедры арабского языка ДГПУ; с 1997 - 2004 гг. - старший преподаватель кафедры арабского языка ДГПУ; с 2004 - 2006 гг. - переводчик редакции художественного вещания ГУ РГВК «Дагестан»; с 2006 - 2008 гг. - заместитель генерального директора ГУ РГВК «Дагестан»; с октября 2008 года работал генеральным директором ГБУ РД РГВК «Дагестан». В 2013 году назначен министром печати и информации РД. До назначения в июле 2018 года на последнюю должность руководителем Дагестанского некоммерческого фонда «Россия – моя история. Город Махачкала» Азнаур Аджиев был руководителем пресс-службы администрации главы и правительства Республики Дагестан.

# «ВНИМАНИЕ ДЕТИ» !

С целью активизации работы по профилактике детского дорожно-транспортного травматизма и обеспечения безопасности несовершеннолетних участников дорожного движения, с 18 по 21 сентября 2019 года на территории района будет проводиться оперативно-профилактическое мероприятие «ВНИМАНИЕ ДЕТИ» !!!

Целью данного ОПМ является сохранение жизни и здоровья несовершеннолетних участников дорожного движения в период торжественных мероприятий «Последний звонок». Также исключить возможность самостоятельного появления детей до 10 лет без сопровождения взрослых на проезжей части дороги, соблюдение детьми и подростками правил дорожного движения при управлении вело и мото-транспортом. Вместе с тем хотелось уберечь родителей от не обдуманного действия таких как передачу управления транспортным средством несовершеннолетним детям.

**Начальник ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району**
**капитан полиции Мухтаров Р.М.**

# ИНФОРМАЦИЯ
## о проведении независимой оценки

открытых источников информации, сбор первичных данных и их обработка в соответствии с разработанными методами и методиками.

После завершения данного этапа Общественным советом будет сформирован рейтинг организаций социального обслуживания, а также подготовлены рекомендации по улучшению качества работы организаций социального обслуживания.

С учетом рекомендаций Общественного совета по улучшению качества условий оказания услуг организаций социального обслуживания, утверждаются планы мероприятий по устранению нарушений, выявленных в ходе независимой оценки качества в 2019 году.

Следует отметить, что результаты независимой оценки качества с 2018 года представляются ежегодно на рассмотрение в Народное Собрание Республики Дагестан в форме публичного отчета Главы Республики Дагестан, который рассматривается с участием представителей Общественной палаты Республики Дагестан и общественных советов по независимой оценке качества в сфере культуры, охраны здоровья, образования, социального обслуживания.

По результатам рассмотрения данного отчета Народным Собранием Республики Дагестан принимается решение, содержащее рекомендации Главе Республики Дагестан по улучшению работы соответствующих организаций.

Обязательный публичный отчет Главы Республики Дагестан о результатах независимой оценки качества условий оказания услуг организациями в сфере культуры, охраны здоровья, образования, социального обслуживания, которые расположены на территории Республики Дагестан, за 2018 год размещен на сайте bus.gov.ru и на официальном сайте Минтруда РД (www.dagmintrud.ru) в специально созданном разделе «Независимая система оценка качества».

# Информация
## для уголка по охране труда

**Упражнения для снятия напряжения на рабочем месте**

Для хорошей трудоспособности необходимо время от времени устраивать так называемую разрядку на рабочем месте. Причём нужно постараться снять как физиологическое, так и душевное напряжение.

Чтобы снять физиологическое напряжение нужно полностью расслабить тело.

Вот несколько простых упражнений:

1 Напрягайте каждую мышцу вашего лица, периодично резко расслабляя.

2 Расслабьтесь. Запрокиньте голову назад, потом опустите вперед - немного посидите в таком положении.

3 Нагните голову вправо, а затем влево. Повторяйте несколько раз.

4 Теперь плечи: делайте круговые движения, попеременно расслабляя их.

5 И напоследок постарайтесь расслабить мышцы ваших рук и ног. Для этого сожмите руки в кулаки, вытяните их вперёд, немного подержите в таком состоянии и резко опустите их вниз. То же самое и с ногами. Это упражнение необходимо повторить несколько раз до полного расслабления мышц. Теперь, когда тело расслаблено, можно приниматься и за снятие психологического напряжения. Достаточно закрыть глаза и на 5-10 минут представить некую «идеальную» картину. Это может быть что угодно: небо, море, солнце и пляж, какая-то страна, в которой вы всегда мечтали побывать, а может быть что-то из детства. Всего несколько простых упражнений - и вы почувствуете, что ваш рабочий день уже не такой утомительный, а ваша продуктивность больше в разы.

Дагьабго гьими

# *ГIайиб камуларо*

Цо нухалъ Малла нухда унев вукIун вуго васги хIамида рекIинавун, лъелго.

-Балагьея,-ян абула дандчIвараз, чорхолъ сахав вас хIамида рекIун вуго, херавин абуни лъелго унев вуго,-ян. Гьеб рагIидал Маллаца хIамидаса вас вахъула ва живго гьелда рекIуна. Заманго иналде дандчIвала цоги гIадамал.

-Балагьея сахав бихьинчи хIамида рекIун вуго, квер гIанисеб лъимер лъелго бачунеб буго,-ян абула гьез.

Гьеб рагIидал Маллаца жиндаго аскIов хIамида рекIинавула вас ва нухда рилъуна. Нахъеги дандчIвала гIадамал.

-РитIухълъи гьечIолъи бихьулищ, херавги гIолохъанавги рекIун руго хIамида, бухIараб бакъуъ гьедин гIазаб кьезе ккани хIайваналъе,-ян абун буго гьездасан цояс.

Гьеб рагIигун Малла хIамидаса гъоркье рештIуна, васги гъоркье вачуна ва кIиялго хIамаги цебе къотIун, гьелда хадур рилъуна. Нахъеги дандчIвала гIадамал ва релъулаго абула: -Балагьея гьал цо ахIмакъазухъ, цебе къотIун буго рач гIадинаб хIама, жалго абуни хIурулъан лъелго унел руго,-ян.

Ахиралда Насрудинил кутакалда ццим бахъуна ва жиндирго гъажилде хIамаги бахинабун абула:

-Цоги рес гьечIо гьадин вилъани гурони,-абун.

# МИГРАЦИОННЫЙ ПУНКТ ОМВД РОССИИ ПО УНЦУКУЛЬСКОМУ РАЙОНУ ИНФОРМИРУЕТ

Уважаемые жители Унцукульского района!

В целях реализации вопроса формирования базового государственного информационного ресурса о регистрации и снятии граждан Российской Федерации по месту жительства в пределах Российской Федерации миграционным пунктом ОМВД России по Унцукульскому району проводится работа по восстановлению сведений регистрационного учета граждан (адресных листков прибытия и убытия), отсутствующих в базе миграционного пункта.

Проведена совместная встреча с Главой района Нурмагомедовым И.М., главами сельских поселений Унцукульского района и представителем ОМВД России по Унцукульскому району подполковником полиции Гаджиевым С.Т.

По итогам совместной встречи было выяснено, что основной проблемой является то, что главы сельских поселений представили списки в Статуправление Республики Дагестан вместе с детьми не достигшими 14-летнего возраста, из которых большая часть детей не зарегистрированы в установленном порядке в подразделении миграции, что и привело к расхождению сведений между Статуправлением Республики Дагестан и подразделениями миграции. Главой района Нурмагомедовым И.М. дано указание главам сельских поселений, чтобы в кротчайшие сроки представили списки граждан зарегистрированных на территории Унцукульского района для сверки с учетами миграционного пункта ОМВД России по Унцукульскому району.

В связи с вышеизложенным и во избежание проблем при проставлении штампа о регистрации по месту жительства во время получения паспорта гражданина Российской Федерации, просим в кротчайшее время всех жителей Унцукульского района проверить наличие своих данных о регистрации по месту жительства в базе миграционного пункта, а так же данные детей не достигших 14-летнего возраста.

В случае отсутствия сведений о регистрации по месту жительства в базе, просьба обратится в миграционный пункт ОМВД России по Унцукульскому району с соответствующими документами.

**Начальник миграционного пункта ОМВД России по Унцукульскому району Гамзатов Ш.М.**

Пайдаяб малъи

# Къварилъи къулчIизе лъазе ккола

*Дудасаго мунго лъутуге, ццидае бокьанщинабги гьабуге. Къварилъи бугони лъикIго гIоде! Гьелъ бигьалъи гьабула.

* ГIадамаздаса рикIкIад чIоге. Гьединаб къоялъ ратизе рукIуна гьудулзаби.

* Ургъе, сунда бараб бугеб дур къварилъияли. Кинабго Аллагьасде божун те. БичIчIун букIа, мун гIагарлъиялъе хIажатълъун хутIулевлъи.

* Къварилъиялдаса хадубккун дурго гIумро кин гIуцIилебали ургъе! Гьелъулъ дуцаго нух батизе бегьула.

*КьогIаб иш ракIалдаса инабизе лъугьунге, гIодове виччан гьелда тIад рекъа. Цере рукIарал ва рукIине бегьулел талихIал минутал ракIалда чIезаре.

* Бихьаралда разилъе, кIочонге гIодове вортиялда цадахъ «роржинеги» байбихьизе бегьулеблъи.

* Гьекъел-мехтелалъул яги цогидал заралияб жалазул кумекалде вортуге. Гьедин дуца дурго жанисел захIмалъаби бигьа гьарила, гьелъухъ сахлъиги жагъал гьабила.

**И. МАМИЛОВ, психолог.**
**Интернеталдаса.**

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора 89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 17 . 09. 19 г. 16: 25 фактически -16:45 мин.
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.